

27 Out 2025

Frè ak sè nou yo ki te chache refij nan Ohio,

Nou menm, Evèk Ohio yo, nou ofri nou lapè Kris la, yon lapè ki depase tout konpreyansyon mond lan. Menm lapè sa a ke Pap Leyon XIV te anonse nan premye aparisyon li devan lemon kòm siksesè Sen Pyè a, "... lapè Kris ki resisite a. Yon lapè ki nan yon fason dezame, ki enb e ki pèsevere. Yon lapè ki soti nan Bondye, Bondye ki renmen nou tout, san kondisyon."

Anpil nan nou ap kontre ak gwo obstak pou chache lapè akòz sikonstans prekè nan peyi orijin nou yo ak yon avni ensèten nan Ohio. Se konsa malgre efò nou deja fè yo pou navige pwosesis imigrasyon konplèks la ki chanje rapidman pou nou kapab jwenn estati legal. Evèk frè nou yo nan peyi lakay nou yo ap kontinye eksprime bezwen an pou èd imanitè kont kondisyon ki te fòse nou kouri okòmansman, tankou Ayiti, Kiba, Nikaragwa, Venezyela, Kamewoun, Ikrèn ak lòt zòn nan mond lan.

Sa fè nou mal pou nou tandè frè ak sè nou yo, menm moun ki gen estati imigrasyon legal, ap viv nan laperèz pou y al travay, pou y al adore nan pawas lokal la, oswa pou yo patisipe nan evènman kominotè yo. Woutin nou abitye fè chak jou yo kounye a pote angwas san nesesite pou sa nou pa konnen an ak menas pou yo arete nou. Anplis de sa, moun ki gen viza long tèm ak kat vèt yo te fè eksperyans depa fòse san konsiderasyon sikonstans pa yo. Nou regrèt sistèm imigrasyon nasyon nou an pa t rive ofri previzibilite ak estabilite bay pou moun k ap viv kòm rezidan ki respekte lalwa epi k ap pran swen tèt yo ak fanmi yo.

Pandan n ap vizite pawas ak kominote atravè Ohio, prèt ou yo, zanmi ou yo, anplwayè ou yo, ak kèk ofisyèl piblik pataje ke ou se manm kominote ki gen anpil valè. Travay ou ranfòse sosyete a, epi priyè ou ak sèvis ou bati kò Kris la. Nou remèsye ou pou kontribisyon ou nan pawas nou yo ak byen komen Ohio a pa lafwa ou, etik travay ou, ak anrichisman kiltirèl kominote nou yo. Nou remèsye tou moun ki te akeyi ou epi ki te akonpaye ou.

Sen Pòl di nou nan 1 Korint, chapit 12, "gen anpil manm, men gen yon sèl kò... si yon manm nan kò a ap souffri, tout lòt yo ap souffri avè l tou." Posibilite a pou nou oblije retounen nan peyi nou pandan kondisyon danjere yo pèsiste la fè nou tris anpil. Pandan n ap souffri nan ensètitud sa a, kominote nou yo ak Legliz la souffri avèk nou.

Nan refleksyon li sou parabòl Bon Samariten an, Pap Leyon XIV te pataje dènyèman: "Bondye gade nou avèk konpasyon; li te vle mache sou menm chemen avèk nou epi desann nan mitan nou. Nan Jezi, Bon Samariten an, li te vini pou geri blesi nou yo epi pou vide sou nou remèd lanmou ak mizèrikòd li." Nou priye pou menm konpasyon ki te touche kè Papa a epi ki touche nou kounye a ka motive tou moun ki fè politik yo pou yo rekonèt sikonstans ou ak kontribisyon ou nan sosyete a epi etabli chemen rezonab pou ou menm ak moun ou renmen yo entegre nèt ale kòm moun Ohio.

Tanpri konnen kijan nou pwòch esprityèlman avèk ou menm ak pastè ou yo pandan y ap akonpaye w nan moman ensètitud la. Se pou pawas nou yo kontinye yon refij kont lapenn ou yo, kote fidèl yo akeyi w nan moman bezwen ou yo. Kenbe lapè Kris ki resisite a epi ann tout temwaye inite ak rekonsilyasyon an ki nan Levanjil la, pandan nou sonje nou tout se youn nan Kris Jezi (Galasi 3:28).

Se pou Notre Dame de Consolation an pran swen tout bezwen ou yo.

Nan lapè Kris la,



The Most Rev. Robert G. Casey
Archdiocese of Cincinnati



The Most Rev. David J. Bonnar
Diocese of Youngstown



The Most Rev. John Michael
Botean
St. George Byzantine Catholic
Diocese




The Most Rev. Bohdan J. Danylo
Ukrainian Catholic Eparchy of
St. Josaphat in Parma



The Most Rev. Earl K. Fernandes
Diocese of Columbus



The Most Rev. Edward M. Lohse
Diocese of Steubenville




The Most Rev. Edward C. Malesic
Diocese of Cleveland



The Most Rev. Robert M. Pipta
Byzantine Catholic Eparchy of
Parma



The Most Rev. Daniel E. Thomas
Diocese of Toledo



The Most Rev. Michael Woost
Diocese of Cleveland